

## **Kijan pou w Pwoteje Tèt Ou ak Lòt Moun kont Varyòl Makak la**

Antan varyòl makak la ap simaye nan Vil New York (New York City, NYC), toupatou nan peyi an ak nan lemond antye, enfòmasyon ki annapre yo ka ede ou pwoteje tèt ou ak lòt moun.

### **Kijan varyòl makak la simaye?**

Nan epidemi ki genyen kounye a, viris varyòl makak la:

- Ap simaye prensipalman pa sèks pa bouch, pa dèyè ak nan vajen ak pa lòt kontak entim tankou bo twou dèyè, kwoke, bo bouch, mòde, karese ak fè masaj
- Li ka simaye pi souvan pa kontak dirèk avèk bouton oswa plè yon moun ki gen viris la; pa kontak avèk rad, dra, sèvyèt oswa lòt bagay li itilize; epi pa kontak fas a fas ki dire lontan
- Li simaye lè moun gen sentòm, men espesyalis yo ap etidye toujou si wi ou non li simaye anvan sentòm yo kòmanse oswa lè yo fini
- Li petèt simaye pase pa dechay, krache, matyè fekal (tata) ak lòt fliyid ki soti nan kò a — espesyalis yo ap etidye toujou si wi ou non sa posib

### **Kisa ki ka rive si mwen trape varyòl makak la?**

Nan epidemi ki genyen kounye a, ospitalizasyon ak lanmò poutèt varyòl makak la se bagay ki ra. Sentòm ki parèt pi souvan an se bouton oswa plè ki gen dwa sanble ti bouton kwasans oswa zanpoud. Bouton ak plè yo ka kouvri tout kò a oswa sèten pati, sa gen ladan toutotou ak andedan ògàn jenital yo, twou dèyè a ak bouch la, epi dire ant de (2) ak kat semèn. Bouton yo ka grate ak fè mal anpil epi jennen aktivite kotidyen yo. Plè nan twou dèyè a oswa nan kannal pipi an kapab fè sa difisil pou ale nan twalèt. Gen moun ki gen sentòm ki sanble lagrip tankou malgòj, lafyèv ak fatig. Pami konplikasyon enfeksyon varyòl makak la gen anflamasyon mikèz twou dèyè a (pwoktit). Menm lè li fin geri, yon moun ka gen mak nan kote li te gen plè yo. Nou pa konnen si varyòl makak la bay pwoblèm sante alontèm.

### **Kiyès ki pi riske trape varyòl makak la?**

Nenpòt ki moun ka trape varyòl makak la. Men, baze sou ka nou wè yo kounye a, viris la ap simaye nan sèk sosyal gason ki omoseksyèl, biseksyèl ak lòt gason ki fè sèks ak gason; moun transjan; moun ki gen idantite seksyèl ki pa konfòm; ak moun ki pa ni fi ni gason. Moun ki fè pati sèk sosyal sa yo ki gen **plizyè konpayon/konpay seksyèl oswa konpayon/konpay seksyèl anonim** gen gwo risk pou yo pran kontak ak viris la. Lè ou fè sèks oswa gen lòt kontak entim anonim, tankou avèk moun nan fèt tekno, nan klèb ak nan fèt sèks, nan beny vapè, oswa pase pa aplikasyon sou entènèt oswa medya sosyal, sa ogmante risk pou w pran kontak ak viris la. Kòm varyòl makak la ka transmèt pa nenpòt kalite kontak po sou po pwolonje, lè w ale nan klèb, nan fèt tekno, nan konsè, nan gwo fèt ak nan lòt evènman ki gen foul sa gen dwa ogmante risk yo tou si ou oswa lòt moun yo mete rad ki ekspozè po nou.

### **Ki moun ki gen gwo risk pou yo malad grav ak varyòl makak la?**

Moun ki gen eta sante ki afebli sistèm iminitè yo, tankou paregzanp VIH, gwosès, oswa ki gen atesedan egzema atopik oswa sèten lòt pwoblèm po gen dwa pi riske fè maladi grav.

### **Kisa mwen ka fè pou pwoteje tèt mwen?**

Pandan epidemi ki genyen kounye a ap kontinye, pi bon fason pou pwoteje tèt ou kont varyòl makak la se evite sèks ak lòt kontak entim avèk plizyè konpayon/konpay oswa konpayon/konpay anonim.

Si ou chwazi fè sèks oswa gen lòt kontak entim, bagay ki annapre yo ka ede redui risk ou, menm si ou te pran vaksen an:

- Redui kantite konpayon/konpay ou, sitou sa ou pa konnen yo oswa sa ou pa konn antesedan seksyèl resan yo.
- Evite fèt sèks, fèt pou omoseksyèl ak lòt espas kote moun yo fè sèks ak gen lòt kontak entim ak plizyè moun.
- Mande konpayon/konpay ou yo si wi ou non yo gen sentòm varyòl makak la epi poze yo kesyon sou antesedan seksyèl resan yo. Sonje, gen moun ki gen dwa pa konnen yo gen varyòl makak la, sitou si sentòm yo lejè oswa si sentòm yo gen dwa konfonn ak lòt pwoblèm sante.
- Pa ni fè sèks ni gen kontak entim ak yon moun ki pa santi li byen, sitou si li gen bouton oswa plè oswa si li te pran kontak dènyèman ak varyòl makak la.
- Si ou chwazi fè sèks oswa gen lòt kontak entim ak yon moun pandan li malad, kouvri tout bouton ak plè yo avèk rad oswa pansman sele. Sa gen dwa redui pwopagasyon pa kontak avèk bouton oswa plè yo, men gen lòt metòd transmisyon ki posib kanmenm.
- Kòm li gen dwa posib pou viris la transmèt nan dechay, sèvi ak kapòt an latèks lè w ap fè sèks.
- Pa sèvi ak menm sèvyèt, rad, fetich, jwèt sèks oswa bwòs dan ak lòt moun.
- Lave men ou, fetich ou ak dra ou. Ou dwe lave jwèt sèks yo apre chak itilizasyon oswa chak fwa ou fè sèks.

### **Kisa pou mwen fè si mwen gen sentòm yo?**

Si ou gen sentòm varyòl makak la, menm si yo lejè:

- Rele pwofesyonèl medikal ou touswit. Si ou pa gen youn, rele **311** pou pran kontak ak yon lokal Sante + Lopital NYC (NYC Health + Hospitals, H+H) oswa pou jwenn **Swen Ekspres Vityèl H+H (H+H Virtual Express Care)**. Ou ka ale tou sou [nyc.gov/health/map](https://nyc.gov/health/map) pou jwenn yon pwofesyonèl medikal ki toupre ou. W ap jwenn swen nan NYC kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon ou, kouvèti asirans ou oswa kapasite w pou peye.
- Evite tout kontak fizik pwòch ak lòt moun, menm si yo rete lakay ou. Epitou, evite klèb, fèt, ba ak lòt kote ki gen foul.
- W ap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w pran swen tèt ou epi redui risk simaye viris la bay lòt moun nan [nyc.gov/monkeypox](https://nyc.gov/monkeypox).

Si ou te gen varyòl makak la resaman, sèvi ak yon kapòt an latèks lè w ap fè sèks pandan omwen uit semèn apre bouton ak plè ou yo fin geri epi gen yon nouvo kouch po ki fòme — sa ap ede pwoteje konpayon/konpay ou yo sizoka viris la ka tansmèt nan dechay.

### **Kisa pou m fè si yon konpayon/konpay mwen te entim avè l di m li gen varyòl makak la?**

Si ou te ekspoze dènyèman a yon moun ki gen varyòl makak la, siveye sentòm yo, sitou bouton oswa plè ki fèk parèt kèlkeswa kote a sou kò ou. Ale sou [nyc.gov/monkeypox](https://nyc.gov/monkeypox) pou jwenn plis enfòmasyon sou èske wi ou non ou kalifye pou vaksinasyon, epi rele **311** pou enfòmasyon sou tès oswa tretman si ou vin gen sentòm.

### **Èske gen yon vaksen kont varyòl makak la?**

Yo apwouve vaksen JYNNEOS la pou moun ki gen laj omwen 18 an pou anpeche varyòl makak la. Espesyalis yo panse vaksen an ka ede pwoteje yon moun lè yo ba li l anvan li pran kontak ak viris la, e redui risk enfeksyon oswa maladi grav la si yo ba li l san pèdi tan apre yon kontak. Men, nou pa gen done mond reyèl sou fason vaksen JYNNEOS la pwoteje moun kont varyòl makak la. Poutèt sa, li enpòtan pou kontinye lòt mezi prevansyon yo, menm si ou pran vaksen an e sitou si ou gen gwo risk vin malad grav ak varyòl makak la. Gouvènman federal la pa gen anpil rezèv vaksen, men NYC ap fè demach pou plis rezèv e li espere resevwa li byento. Pou rete ajou sou disponibilite vaksen an, voye tèks MONKEYPOX pou 692-692 oswa MONKEYPOXESP pou panyòl.

### **Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyaasyon an ap evolye.**

7.28.22 Haitian Creole